ISSN 2010-9075

БЕРДАҚ атындағы ҚАРАҚАЛПАҚ
МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ

# ХАБАРШЫСЫ
# ВЕСТНИК

КАРАКАЛПАКСКОГО ГОСУДАРСТВЕННОГО
УНИВЕРСИТЕТА им. БЕРДАХА

2

НӨКИС 2009 НУКУС

Учредитель и издатель: *Каракалпакский государственный университет им. Бердаха*

Главный редактор: доктор биологических наук, профессор **А.Т.МАТЧАНОВ**

Редакционная коллегия:

**АЙТМАМБЕТОВ А**., доктор химических наук; **АЛЕУОВ У.А**., доктор педагогических наук; **БАЗАРБАЕВ Ж**., академик АН РУ, доктор философских наук; **БАЙМАНОВ К**., доктор технических наук; **БЕРДИМУРАТОВА А.К**., доктор философских наук; **ДАУЛЕТОВ А.Д**., академик АН РУ, доктор филологических наук; **ИСМАЙЛОВ К.А**., доктор физико-математических наук; **КОСБЕРГЕНОВ С.**, доктор физико-математических наук; **КДЫРНИЯЗОВ М-Ш**., доктор исторических наук; **КУТЫБАЕВА Е.Д**., доктор юридических наук; **МАМБЕТУЛЛАЕВА С.Е**., доктор биологических наук; **МАШАРИПОВА Т.Ж**., (ответственный секретарь журнала); **МЕДЕТУЛЛАЕВ Ж**. академик АН РУ, доктор экономических наук; **УРАЗЫМБЕТОВ К.К**., доктор филологических наук; **УТЕНИЯЗОВ К.У**., доктор химических наук; **УБАЙДУЛЛАЕВ К**., доктор экономических наук (заместитель главного редактора); **ТАЖЕТДИНОВ С**., доктор физико-математических наук; **ХАМИДОВ Х.,** академик АН РУ, доктор филологических наук.

Журнал издается с 2008 года
Выходит 4 раза в год на каракалпакском, узбекском, русском и английском языках

Адрес редакции: 230100 г.Нукус, ул.Ч.Абдирова, 1
Телефоны: 223-60-19, 223-62-75
Зав.редакцией: С.Ибрагимов
Набор и корректура: Э.Сапарниязова
Компьютерная верстка: Б.Якубов

Сдано в набор 01.05. 2009. Подписано к печати 01. 06. 2009. Формат бумаги 60x84 1/8. Печат офсетная. Бум. л._. Уч-изд. __. .Тираж ___ экз. Заказ _. Цена договорная. Каракалпакский государственный университет имени Бердаха. г.Нукус, ул.Ч.Абдирова, 1. Журнал зарегистрирован Каракалпакским агентством по печати и информации. Регистрационный номер №01-051 от 31 октября 2008 г.
Отпечатано в ДП «Niso Poligraf», г.Ташкент-182, ул.Байкаро, 41.

© Вестник Каракалпакского государственного университета им. Бердаха.

# ҲӘЗИРГИ ПОЭМАШЫЛЫҒЫМЫЗДА ӘПСАНАЛЫҚ СЮЖЕТ ҲӘМ ҚАҲАРМАН ОБРАЗЫ

**Турдыбаев Қ. К.**
*Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

XX әсирдиң ақырғы шерегине келип миллий поэзиямызда ҳәр қыйлы жанрлық-стильлик, идеялық-тематикалық, көркемлик өзгерислер бурынғыдан да күшейди. Нәтийжеде, И.Юсупов, Т.Сейтжанов, Ш.Сейитов, Т.Мәтмуратов, К.Рахманов, Т.Сәрсенбаев, Ж.Избасқанов, Ҳ.Айымбетов, К.Каримов, Ш.Аяпов, Б.Генжемуратов ҳ.т.б. дөретиўшилигинде қунлы лирикалық, лиро-эпикалық, лиро-драмалық, романтикалық шығармалар, дәстанлар, балладалар ҳ.т.б. жанрлар жүзеге келди. Бул дәўирде поэзиямызда турмыс шынлығын көркем ҳақыйқатлыққа айландырыўда реалистлик сүўретлеў усыллары менен бирге символико-метафоралық, аллегориялық ҳәм ертеклик сюжетлер менен образлардан шебер пайдаланыў, усы арқалы бүгинги дәўирдиң әҳмийетли мәселелерин көтерип шығыў дәстүрге айлана баслады. Әдебиятымыздың соңғы дәўириндеги бул көркем қубылыс ҳаққында айырым әдебиятшы алымларымыз ғана өз пикирлерин билдиргени болмаса [1], бул мәселе өзиниң изертлениўин күтип турмақта.

Өзиниң көркем қурылысында реалистлик ҳәм ертеклик, мифологиялық сюжетлердиң, мотивлердиң, образлардың элементлерин жәмлеген, усы себепли дәўиримиздиң актуаль мәселелерин көтере алған, усының нәтийжесинде оқыўшыларымызда жоқары эстетикалық талғамды қәлиплестириўге хызмет етип атырған И.Юсуповтың "Мәңги булақ", "Бүлбил уясы", "Посейдоннын ғәзеби", "Ески фонтан ертеги" ҳ.т.б. дөретпелери ҳаққында айырым илимий-теориялық пикирлер, жуўмақлар жарыққа шыққаны менен де, Т.Сейтжанов, Т.Сәрсенбаев, Ж.Избасқанов, Н.Төрешова, Б.Генжемуратов, А.Өтениязова ҳ.т.б. поэмалары ҳаққында илимий сын пикирлер жоқтың қасында.

Биз бул мақаламызда Т.Сейтжановтың "Жайҳун жулдызлары", А.Өтениязованың "Ҳаялға тәжим" поэмаларында ертеклик, әпсаналық сюжет ҳәм мотивлердиң әҳмийетине, олардың реалистлик сүўретлеў усыллары менен өз ара тәсир өзгешелигине, улыўма, бул шығармалардың проблематикасы менен көркем образ жасаў айрықшалығына тоқтағанды мақул көрдик. Буның бир неше себеплери бар. Егер де Т.Сейтжанов өткен әсирдиң екинши ярымында әдебиятымызға кирип келип, миллий поэзиямыз бенен драматургиямызды раўажландырыўға салмақлы үлес қосқан болса, А.Өтениязова болса ғәрезсизлик дәўириндеги әдебиятымыздың қарлығашы болып, поэзиялық ҳәм прозалық топламлары менен әдебият ықласбентлериниң жүрегинен өзине мүнәсип орын ала алды. Демек, әдебиятымыздың ортаңғы ҳәм жас әўлад ўәкиллериниң поэмалық дөретпелериндеги ертеклик, әпсаналық сюжетлерди сүўретлеў шеберлигин салыстырып изертлеў бизге зәрүрли илимий-теориялық жуўмақлар ислеўге мүмкиншилик береди деп ойлаймыз.

Т.Сейтжановтың "Жайхун жулдызлары" поэмасы ең дәслеп "Әмиўдәрья" журналында [2], соң оның 2 томлық шығармалар топламында[3] жарық көрген болса, А.Өтениязованың аты аталған поэмасы оның "Жақсылыққа тәжим" [4] атлы поэзиялық топламында жарық көрген. Демек, бул поэмалардың жарық көриўиниң арасында 20 жылдан аслам ўақыт бар. Демек, бул поэмалардағы ертеклик, әпсаналық сюжетлердиң қолланылыў өзгешелигин изертлеў бизге олардың бул бағдардағы жетискенлик ҳәм кемшиликлери ҳаққында пикир жүритиўге, олардың өзине тән стилин, көркем образ жасаў өзгешелигин анықлаўға жәрдем береди деген сөз. Өйткени, көркем-әдебий процесстеги ҳәр қыйлы әўладқа, ҳәр қыйлы ағымға, ҳәр қыйлы стильге киретуғын шайырлардың шығармаларын салыстырып изертлеў ғана олардың өзине тән пикирлеў манерасын, дөретиўшилик лабораториясының тәкирарланбас тәреплерин аңлаўымызға имкәният жаратады.

Аты аталған еки шайыр да өз поэмаларында ҳаялдың уллылығын, мәртлиги менен гөззаллығын сүўретлеп бериўге умтылған. "Жайҳун жулдызлары" поэмасында И.Юсуповтың "Тумарис" поэмасындағыға уқсаған тарийхый-әпсаналық ўақыялар тийкарында қарақалпақ ҳаял-қызларының мәртликке толы образлары жасалған.

Поэманың басында: "Бул ҳаяллар не деген гөззал, жасаў қыйын ҳасла оларсыз" дегенге уқсаған улыўма тәрийплеўлер берилип, "Демеў керек, бул ҳаяллардың шашы узын, ақылы келте" сыяқлы гәплер де айтылады. Сол ҳаяллар мәкан еткен Жайҳун-Әмиў бойларының абадан, тоқ, тәбияты гөззал келбети бираз орынларда жанлы түрде сүўретленеди. Шайырдың тәбият картиналарын жанландырып бериўдеги жетерли тәжирийбеси де көзге түседи. Мысалы, поэмада сол ҳаяллар ҳүкимдарлық еткен мәканның мынадай пейзажлық ҳәм тәбийғый қубылыслық көринислери бираз тәсирли берилген:

Көз ушында жейран шапқылап,
Боз даланы шаңғытып кетер,
Шапқан сайын шаўып қаттырақ,
Қыялыңды шалқытып кетер.
Бүлбил сайрап гүл бағларында,
Қырғаўыллар шақырып дүзде …

Соның менен бирге, қысқа пейзаж көринислери де, халықтың батырлық сыпатлары да, гейде лирикалық шегинислер де берилген. Сөйтип, усы жерде жасап атырған ҳаяллардың ең сулыў сәркардаларының бири Қундызхан бир күнлери өзинен өзи ҳаўлығып, болажақ топаланды жүреги сезгендей болады. Ал оның ери болса бурынғы саўашлардың биринде қазаланған еди. Ол кеўил туйғыларын енди кимге айтып бөлисерин билмей, бираз албырап барып, бул ишки кеширмелери менен психологиялық тебиренислерин өз елиндеги бир қәсийетли

уста ҳәм батыр кисиге айтады. Ол батыр сыпатында қолына найза услап саўаш майданларын атқарыў менен қатар, қолынан өнери тамған, урыс қуралларын соғатуғын темирши де еди. Сөйтип ол Кундызхан менен ақылласқаннан соң жетерли қурал жараклар соғыў менен қатар қалаға қорған салдырып, оның дәрўазасын ок өтпес қоладан қуя баслайды. Қала ишинде халық болажақ апатты күтип жасайды.

Қундызханға ашық болған Иран шахы оннан ҳаяллыққа тийиўге келисим ала алмаған соң, ол жер қайыстырған ләшкерлерин ертип, басқыншылық жүрис баслайды. Кундызхан өз ели менен халқының тынышлығы, басының аманлығы ушын да душпан менен дәслеп кең далада саўаш қурады. Көп көплигин етип, душпанлар баспалатып, албыратып баратырғаннан кейин қала ишине кирип дәрўазаны жаўып таслайды. Иран басқыншылары алты айдан аслам қаланы қамал қылса да, оны ала алмаған соң Қундызханаға өз ерки менен берилиў ушын хат жоллап, қорқытып абай етеди. Сонда Қундызхан Иран шахына бир шәрт қойыўды ойлап, оған «қаладан шыққан ҳаял адамларға тиймейсең, олар қаяққа ҳәм өзлери менен не алып арқалап кетсе де рухсат етсеңиз, соңынан ер азаматлар менен саўаш қура бериңиз. Усы шәртим орынланса, мен саған ҳаяллыққа тийиў ушын қала дарўазасын ашаман», - деген мазмунда жуўап қайтарады. Шәрт орынланып, қала дәрўазасы ашылады. Барлық ҳаяллар қаладан шығып, қапшықларын арқалап жолға раўана болады. Иран басқыншылары хан тапсырмасы менен оларға тиймейди. Бирақ олар алданған еди. Қундызхан сонда барлық ҳаялларға өз ерлери менен балаларын қапшыққа салып арқалап, қаладан шығып кетиң, деген тапсырма берген екен. Иран шахы алданғанын билип, жеңилиске ушырайды. Бийик минардан Жайҳунға өзин таслаған Қундызханды халық ҳәм Темир палўан басшылығындағы ел-журтты қутқарып, кемеге салып өзлери менен бирге алып кетеди. Солай етип шайыр:

Жаў қалаға басып киргенде,
Табылмапты оннан бир бенде.
Жас Иран шах бул азаплардан,
Көп узамай тапсырыпты Жан,–

деген сыяқлы сөзлер менен әпсаналық поэманы тамамлайды.

Демек, сезилип турғаны яңлы, шығарма әпсаналық, ертеклик сюжетти қуры қайталаўға, оларды жүдә әпиўайы, садалық пенен дүзилген қосық қатарларына түсириўге ғана арналған. Бизиңше, булардан фольклорды дөретиўшилик бағытта пайдаланыў, өзлестирип ислетиў, оған жаңа мәни жүклеў сезилмейди. Усы себепли И.Юсуповтың жоқарыда аты аталған дөретпелериндеги сыяқлы қоспалы ҳәм қурамалы болған сюжетлик, композициялық бағдарлар, олар арқалы реаль өмир ўақыяларын бүгинги күнниң көз-қараслары менен суўғарып ислетиў жетиспейди.

А.Өтениязованың "Ҳаялға тәжим" поэмасында болса ери ҳаж сапарына Мәкке-Мәдийнеге кеткен, қәйнисиниң ғамхорлығына тапсырылған бир гөззал келиншектиң аўыр жағдайы сүўретленеди. Ол дәслеп қәйнисиниң дөхметине ушырап тас боран қылынады. Бирақ, сонда да гөззал ҳаял ерине садық қалады. Демек, поэмада ерине садық бир гөззалдың неше рет дөхмет тасларының астында қалғанлығы баянланады, қосыққа түсириледи. Ақыры- аяғында, әпсаналық ўақыя бойынша ҳаялдың басына бахыт қусы қонып, ол бир нәмәлим елге патша етип сайланады. Ели абат болады. Буның үстине поэмада келиншекте тәўипшилик, емшилик пенен шуғылланыў таланты оянғаны, оның алдына өзине азап берген қәйнисиниң, соңынан қара қулдың, ең изинде ышқы ләззетине нәпсиқаў жигиттиң де келип ем табыўы, олардың ҳақыйқатлықты мойынлап, бурын дөхмет азабына ушыраған ҳаялдан кеширим сораўы тәрийпленген. Поэманың жуўмағында ҳаялға оның ҳадаллығы менен ҳақлығы, ерине садықлығы менен шыдамлығы жәрдем берген, буның үстине Алланың өзи де жазықсыз бендесин қуўатлаған деген идея алға сүриледи. Мәселен, келиншек теңиз кәрўанында аўыр азап-ақыретлерге дуўшар болғанында оны Алла ғана қоллап-қуўатлап азап-ақыреттен қутқарған екен. Бул орынларды шайыр:

Әсте-әсте даўыл жалынға дөнип,
Кемени қоршапты қып-қызыл жалын.
Мәсликке қутырған мақлуқлар өлип,
Бир Алла ашыпты ҳаял ығбалын,

- деп сүўретленген.

Солай етип, әпсаналық поэмада шайырдың: "Ҳаял опасына тәжим етипти, таў-таслар, бултлар да, ырғалған гүллер, ийилип ҳаялға ҳәўес етипти", - деп жазғаны менен олардың барлығы тек ғана фольклорлық, әпсаналық, ярым мифологиялық сюжетти сол турысында тәкирарлаў ғана болып қалған. Демек, ҳәр қандай миллий көркем дәстүрлерди пайдаланыў – бул ҳақыйқый таланттың ҳәм дөретиўшилик мийнеттиң жемиси болып есапланады деген сөз. Усы көзқарастан жоқарыда аты аталған поэмаларда әпсаналық сюжетти пайдаланыўда белгили бир жетискенликлерди байқаў қыйын емес. Деген менен, әпсаналық сюжетти реалистлик образ дүзиў мақсетинде пайдаланғанда оларға улыўма адамийзатлық, философиялық көзқарастан жантасқан мақул болады. Мине усы айтылған өзгешелик таллап өткен поэмаларда жетиспейтуғындай сезиледи.

Мине, бизиңше булардың барлығы соңғы дәўирдеги лиро-эпикалық поэмалардағы қаҳарманлар минез-қулқын, образларды ашып бериўдеги сәтли ҳәм қоспалы, гейде шағын сюжет қурыў, эпикалық ўақыялылықты

лиризм менен суўғарып ислетиў, әпсаналық фольклорлық сюжетлерден де орынлы пайдалана билиў жолында гейпара бағдарлар болып есапланады.


### ӘДЕБИЯТЛАР

1. Есенов Ж. Поэзия жулдызы (И.Юсупов дөретиўшилигиниң гейпара мәселелери). Нөкис. Билим. 2003. 89-б. Мәмбетов Қ. "Посейдонның ғәзеби" поэмасында реалистлик хәм мифологиялық сүўретлеў усылларының синтези// "Қарақалпақстан муғаллими", 1993, 2-3- сан; Усы автор. "Бүлбил уясы" – лиро-эпикалық поэма// "Қарақалпақстан муғаллими", 1995, 2-3- сан; Ҳамидова Ә. И.Юсупов дөретиўшилиги хәм Европа әдебияты (әдебий байланыслар хәм өз-ара тәсир мәселеси). фил.ил.кан. дәрежесин алыў ушын жақланған дис. автореф. Нөкис, 2001.
2. Сейтжанов Т. Жайхун жулдызлары. Поэма. Әмиўдәрья ж. 1985. 4-сан.
3. Сейтжанов Т. Жайхун жулдызлары. Т.Сейтжанов шығармаларының 2 томлығы. I том. Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.
4. Өтениязова А. Жақсылыққа тәжим. Қосықлар хәм поэма. Нөкис: Билим, 2007.



**Резюме**

В этой статье описывается, как *мифическими* сюжетами и худежественном образом мастерски воспользовались в XX веке нашей поэзии, Т.Сейтжанов в «Звездах Джайхуна» и молодой поэт А.Утениязова в поэме «Поклон женщинам»

**Summary**

The article deals with the skilful ways of using the mythic plots and artistic images in "Jayhun Stars" by T Seytjanov and "Bow to Women" by A. Uteniyazova in our poetry of the XX century.


---

## МАҚОЛ МАНТИҚИЙ ДАЛИЛЛАШ ВОСИТАСИ СИФАТИДА (ЮСУФ ХОС ҲОЖИБНИНГ «ҚУТАДҒУ БИЛИГ» ДОСТОНИ МИСОЛИДА)


**Абдуллаев Ҳ.**

*Қорақалпоқ давлат университети*


Ҳар қандай бадиий асарнинг таъсир кучи, биринчи навбатда, ундаги тасвирнинг нақадар ҳаётийлиги ва бу тасвирнинг янгилиги, ифодаларнинг мўъжаз ва такрорланмаслиги билан боғлиқ бўлади. Зеро, «Бадиий асар ҳамма вақт ижодкорнинг объектив воқеликка бўлган субъектив-эстетик муносабатидан туғилади. Унда ана шу муносабат оқибати ўлароқ, муҳим деб ҳаёл қилинган ҳаёт кўринишлари ўз ифодасини топади.

Ёзувчилар бундай ҳаёт кўринишларини «санъат тили» ҳисобланмиш тасвирий нутқ тўқималари орқали яратишади» [1].

Албатта, тасвир жараёнида ифода воситаларининг ниҳоятда хилма-хил шакл ва кўринишлари мавжуд бўлади. Ёзувчи улардан ўзининг бадиий-эстетик нияти, мақсад ва вазифаларига кўра фойдаланади. Айрим адиблар воқеаларнинг ўткирлигига, айримлари қаҳрамонларнинг ўзаро муносабатларига, яна бошқа бирлари уларнинг ички дунёсига кўпроқ эътибор қаратиши мумкин. Бир тоифа адиблар эса ҳаётнинг кулгили ва фожиали жиҳатларига, яна бир гуруҳи эса ишқий кечинмаларга урғу бериши кўп бор кузатилган. Бироқ уларнинг барчасини бирлаштириб турадиган бир нуқта бор. Бу нуқта бадиий адабиётда ифода воситаларини мантиқий- эстетик мақсадда истифода этиш усулидир. Ҳар қандай бадиий асарда муайян ғоя ёки образ бадиий жиҳатдан асосланмаса, поэтик далилга эга бўлмаса, бу асарнинг ҳаётий бўлиши, умрбоқийлик касб этиши мумкин бўлмаган ҳолдир.

Далиллаш санъати эса бир қанча усул ва воситалар орқали намоён бўлиши мумкин. Адабиётшуносликда бундай йўл ва усулларнинг хилма-хил кўринишлари кўп марта таҳлил этилган. Аммо, шунга қарамай, ҳар бир ижодкорда, ҳар бир бадиий асарда бу ҳодиса фақат ва фақат ўзига хос тарздагина намоён бўлади. Мана шу ўзига хослик инкишоф этилмагунча, мазкур асарнинг поэтикасига хос бўлган асосий унсурларни англаш мумкин бўлмайди.

Шу нуқтаи назардан қараладиган бўлса, Юсуф Хос Ҳожибнинг «Қутадғу билиг» асаридаги далиллаш санъатини кузатиш ўзига хос илмий хулосаларга олиб келиши мумкин. Асарда қўлланган халқ мақоллари Юсуф Хос Ҳожиб учун худди шу омил вазифасини адо этган. Асардаги мақолларни кузатиб, уларнинг асар поэтик матнида бажарган бадиий-эстетик функциялари билан танишар эканмиз, бу ҳақдаги тасаввурларимиз ойдинлашади.

Қуйидаги мисраларда мақолнинг халқ орасида синовдан ўтган ҳақиқатлигига таяна туриб, уни оддий одам эмас, балки кўп йиллар давомида ўз тажрибасида синовдан ўтказган киши айтаётганлиги таъкидланмоқда. Демак, бу ўринда мақолни айтаётган одамнинг тасодифий эмаслиги факти биринчи ўринга олиб чиқилаяпти:

Эшитгил, неку тер, бўгу, билга бег,
Бу сўз ишка тутғил, айа кирғу энг. (327)
Билағон, доно бек нима дейди, эшитгин,
Бу сўзга амал қилгин, эй қизил юзли.

Бу фикрлар қаҳр ва ғазабнинг зарари ҳақидаги мулоҳазалар асносида бериляпти. Билим ва ақув-идрокли одам нолойиқ хусусиятлардан фориғ бўлиши лозим деган ақидани исботлаш учун адиб юқоридаги мисраларни

**Мамырбаева Д.Дж., Кулимова М.** Неточности, допускаемые при устном и письменном переводе ........ 88
**Мамбетова Р.Б., Алламуратова А.Ж.** Использование слайдов на лекционных занятиях по лингвистическим дисциплинам ........ 90
**Серимбетов П.У., Мамбетов Ж.М.** Миллий гүрес техникасын жас өспирим балаларға үйретиў усыллары 93
**Матназаров Қ.С., Мамутов А.Б., Қощанов А.Е.** Жас өспиримлер спорт мектеплеринде баскетболшыларды таярлаў усыллары ........ 95

*Филология*

**Ибрагимов Ю. М.** Жанубий Оролбуйи топонимларининг лингвотарихий талкини ........ 97
**Кудайбергенов М., Асанова Ж.** Қарақалпақстан қазақлары тилиниң изертлениў тарийхынан ........ 99
**Сейтназарова И.Е., Зайрова Қ. М.** Қарақалпақ тилинде айырым безениў буйымлары атамаларының лексика-семантикалық өзгешеликлери ........ 101
**Өтемисов А.З.** Қарақалпақ тилиндеги араб-парсы сөзлеринен жасалған өсимлик атамалары ........ 104
**Айназарова Г.Б., Сейданова Р.** Қарақалпақ тилиндеги фразеологизмлерди грамматикалық жақтан үйрениўдиң әҳмийети ........ 106
**Қазақбаева А.Т.** Қарақалпақ тилинде фейил жасаўшы айырым аффикслердиң фонетикалық вариантлары ҳаққында ........ 108
**Атажанова Г.** Использование антонимов и их функционирование в речи ........ 111
**Eskaraeva S., Daujanov Kh.** The factors determining the combinability of verbs in the English language ........ 113
**Худайбергенова З.У.** Лексико-грамматические функции модальных слов в английском языке ........ 114
**Хамидов Х.** Древние героические сказания в сочинении Махмуда Кашгарлы и их созвучность с мотивами каракалпакского фольклора ........ 117
**Хван Л.Б.** Взаимосвязи литератур Востока и Запада – как феномен сближения цивилизации ........ 118
**Турдыбаев Қ. К.** Ҳәзирги поэмашылығымызда әпсаналық сюжет ҳәм қаҳарман образы ........ 121
**Абдуллаев Ҳ.** Мақол мантиқий далиллаш воситаси сифатида. (Юсуф Хос Ҳожибнинг «Қутадғу билиг» достони мисолида) ........ 123
**Гайлыева О.К.** И.Юсупов ҳәм Қ.Гурбаннепесов поэзиясында әдебий тәсирлер мәселеси ........ 125